

PAJ ENFÒMASYON PWOJÈ KONSTRIKSYON

DEPATMAN TRANSPOTASYON NAN FLORID



State Road (SR) 5/US 1/Biscayne Boulevard

Soti nan NE 61 Street pou rive nan NE 6 Avenue

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 445996-1-52-01

GID FDOT

FDOT pran angajman pou li asire enfastrikti Eta a sèvi abitan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwèn kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn livrezon, ak devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Rekonstwi twotwa ki domaje yo nan entèseksyon siyalize yo

SEKIRITE

- Enstale pasaj esansyèl ak avètisman nan sifas yo ki byen detekte

REZISTANS

- Ajiste twou rigòl ki egziste deja nan zòn pwojè a pou aliye ak sifas wout final la.

CHÈN LIVREZON

- Rekouvri ak repentire liy yo pou prezève lavi sèvis wout la
- Amelyore siyal veyikil ak pyeton, siy, e make asfalte

TEKNOLOJI

- Enstale nouvo siyal dekont ki manke nan zòn pwojè a

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè yo, sa ki bay benefis ekonomik pozitif pou travayè yo ak kominote a

ENFÒMASYON SOU WOUT KAP FÈMEN YO

Travay yo pral fèt an faz pou diminye efè konstriksyon sou kominote a. Wout ak twota yo kapab fèmen pandan lè sa yo nan jou ki pa gen evènman:

- **SR 5/US 1/Biscayne Boulevard soti nan NE 61 Street jiska NE 64 Street:**
 - 11:30 p.m. jiska 7:30 a.m., wikèn ak jou semèn yo
- **SR 5/US 1/Biscayne Boulevard soti nan NE 64 Street jiska NE 6 Avenue:**
 - 9:30 a.m. jiska 3:30 p.m., wikèn ak jou semèn yo
 - 9 p.m. jiska 7 a.m., wikèn ak jou semèn yo

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap rete disponib. Enfòmasyon sou wout kap fèmen ap afiche chak semèn sou sit entènèt depatman an,



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou sa pa twò deranje moun nan zòn nan. Fèmen wout tanporè yo ka afekte trafik la pandan lè ki pa gen anpil blokis ak jou ki pa gen evènman yo. Y ap afiche siy ki byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun ki antre soti nan pwopriete ki nan zòn nan.

ORÈ

Oktòb 2025 - Oton 2026

PRI KONSTRIKSYON AN

\$6 milyon dola

ZÒN PWOJE YO

City of Miami
El Portal Village
Miami Shores Village
Miami-Dade County

Avi: Li posib pou dat yo chanje.

TOUJOU METE SEKIRITE AN PREMYE

Pou sekirite ou ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè ou ap kondwi machin, lè ou ap mache osinon lè ou ap pase sou bekan nan zòn konstriksyon yo. Pou nouvèl sou sikilasyon, al sou: www.fl511.com.

KONTAKTE

FDOT Consultant Community Outreach Specialist
Aliyah Gomez | Aliyah.Gomez@dot.state.fl.us | 786-774-9714

SWIV NOU

MyFDOT_Miami

MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

